ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№159 (22.817) ● 2014 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 13, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэ убзыхуным и IуэхукIэ
## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыху куэдым лъэIукIэ зэрызыкъытхуагъазэм икIи адыгэ (шэрджэс) жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къызэрыхалъхьэм тету **унафэ сощI**:

1. ФокIадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу гъэувын.
2. ФокIадэм и 20-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъ псоми папщIэ гуфIэгъуэ (щымылажьэ) махуэу къэлъытэн.
3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм шыщхьэуIум и 12-м*
*№166-УГ*

● Хъыбар гуапэ

# Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я лъэпкъ махуэшхуэ

***КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэм дыгъуасэ яIущIащ. Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я лъэIухэм КIуэкIуэ Юрий арэзы техъуэри, Iэ щIидзащ фокIадэм и 20-р Адыгэ (Шэрджэс) лъэпкъым и махуэу гъэувыным.***

***А Iуэхур япэу ДАХ-м и зэхуэсым къыщыхэзылъхьар Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я лъэпкъ махуэм иIэну мыхьэнэм, ар щагъэлъапIэну щIыпIэхэм, кърикIуэну Iуэхугъуэхэм фыщыгъуэзэн папщIэ Мухьэмэд упщIэ зыбжанэм жэуап къритащ.***

**- Мухьэмэд, мы Iуэхур республикэм и унафэщIхэм къывдаIыгъыу, дунейпсо мыхьэнэ иIэу фщIыну фызэрыхуейр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зи чэзу зэхуэсым щыжыпIауэ щытащ. Иджы, дыгъуасэ къыдэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я махуэр фокIадэм и 20-м ягъэлъэпIэнущ, щымылажьэ махуэуи щытынущ. Апхуэдэ махуэ диIэн щIыхуейм и щхьэусыгъуэу къэплъытэмрэ ар зэрагъэлъэпIэну щIыкIэмрэ дыщыбгъэгъуэзэну сыхуейт.**

- ДАХ-м и зэхуэсышхуэу нэгъабэ Мейкъуапэ щекIуэкIам Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыщыхилъхьауэ щытащ адыгэ лъэпкъым и щхьэр щигъэлъэпIэжын, щIалэгъуалэр гушхуэу щызэхыхьэн зы гуфIэгъуэ махуэ диIэн зэрыхуейр. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар адыгэхэм я закъуэкъым зи махуэшхуэу щытынур, атIэ ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ, щэнхабзэ бей, хабзэ дахэ зиIэ лъэпкъым пщIэ хуэзыщI дэтхэнэми и дежкIэ щхьэпэу щытынущ. А махуэм адыгэ щыпсэу къэрал псоми фестивалхэр, концертхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щебгъэкIуэкI хъунущ, лъэпкъым и къуэ, ипхъу пажэхэр бгъэлъэпIэну хъарзынэщ. Апхуэдэ махуэ хэгъэунэхукIа диIэн щIыхуейм и щхьэусыгъуэу къыдолъытэ адыгэ лъэпкъыр нэхъри зэкъуэувэнымкIэ, псэкупсэ къэщIэрэщIэжыныгъэм хуэкIуэнымкIэ, бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэхэм зегъэужьынымкIэ, анэдэлъхубзэр ягъэшэрыуэнымкIэ, хабзэмрэ щэнхабзэмрэ яхъумэнымкIэ сэбэп зэрыхъунур.

Апхуэдэ гурылъ дызэриIэр ди Iэтащхьэм щетхьэлIэм, дигъэщIэхъуакъым, абыи къилъытащ а махуэм фIы куэд къыпэкIуэну. Абы щхьэкIэ фIыщIэ ин худощI.

**- Гъуэгуанэ кIыхь къэзыкIуа лъэпкъыжьым лъэпкъ махуэ щхьэхуэ иIэу щыхабзэщ дунейм...**

- Сэ къызэрыслъытэмкIэ, мыпхуэдэ махуэ ди лъэпкъым куэд щIауэ иIэн хуеящ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди лъэпкъым къызэринэкIа гъуэгуанэм хуэдиз зи щIыбагъ къыдэлъ куэд дунейм теткъым. Китайр, Индиер, нэгъуэщI лъэпкъыжь зытIу щыIэщ. Абы хуэдэ дыдэу адыгэри илъэс мини 5 хъуауэ тхыдэм дитщ, ди цIэм зихъуэжурэ дыкъэгъуэгурыкIуа пэтми. ХьэткIэ, кашккIэ, зихкIэ, меоткIэ, синдкIэ, касогкIэ къыдэджэу щытащ, ауэ иужькIэ шэрджэскIэ дуней псом дыхэIуащ. Сыт хуэдэ цIэ зедмыхьами, ди адэжь хабзэр ди Iэпэгъуу, нарт эпосыр ди лъабжьэу дыкъэгъуэгурыкIуащ.

Иджыблагъэ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Щомахуэ Татьянэ и тхыгъэ гъэщIэгъуэн тетащ «Университет гъащIэ» газетым. Абы жиIэр пэжмэ, клинопискIэ тхэуэ щыщыта лъэхъэнэм щыщ сурэт тхыгъэхэм адыгэбзэм и къэбэрдей диалектымкIэ укъоджэф. Ар и щыхьэткъэ нэгъуэщI лъэпкъыжь куэдым дакъыдэгъуэгурыкIуэу, илъэс мин бжыгъэ зыбжанэ къызэрыткIуам?!

Мыпхуэдэ махуэ Индиеми, Франджыми, Китайми яIэщ. ЦIыху миних фIэкIа мыхъу, Европэ Ищхъэрэм щыпсэу саами жыхуиIэ лъэпкъми, мелуани 7-м щIигъу цыджанхэми яIэщ...

**- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыхилъхьа Iуэхур ДАХ-м къыдиIыгъауэ щытащ. Иджы ар къэрал унафэу зэрыщытымкIэ КIуэкIуэ Юрий Iэ тридзащ. Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгэ Республикэмрэ я Iэтащхьэхэми апхуэдэ унафэ ящIауэ щытамэ, Iуэхур нэхъ убгъуауэ екIуэкIынут. Махуэшхуэ дыдэт хамэ къэралхэм щыхэхэс ди лъэпкъэгъухэми ар ягъэлъапIэу яубламэ...**

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

● Дыгъуасэ

# КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий къыщыпсэлъащ Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэм

**КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ къыщыпсэлъащ Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэу ШынагъуэншагъэмкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм и унафэщI Бортников Александр Магас къалэм (Ингуш Республикэ) щригъэкIуэкIам.**

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм терроризмэм щыпэщIэтыным хуэунэтIа Iуэхухэм, щэхурылажьэ бзаджащIэ гупхэм къаIэрыхьэ мылъкур Iэмал зэриIэкIэ гъэмэщIэным пыщIа лэжьыгъэ пыухыкIахэм.

Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэм хэтащ УФ-м и Следственнэ комитетым и Iэтащхьэ Бастрыкин Александр, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэм и унафэщI Герасимов Валерий, Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов Сергей, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, къэралым и министерствэ, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр.

2014 гъэр къызэрихьэрэ, жиIащ Бортников Александр, террорым пэщIэтыным хуэунэтIа Iуэхухэр щрагъэкIуэкIым, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм Iэщэ яIыгъыу къащыпэувам яукIащ щэхурылажьэ щIэпхъаджащIэхэм яхэт цIыхуи 158-рэ, абыхэм ящыщу 25-р гупхэм я Iэтащхьэт. БзаджащIэрэ абыхэм я дэIэпыкъуэгъуу 238-рэ къаубыдащ, террор лъабжьэ зиIэ щIэпхъаджагъэу 35-рэ къамыгъэхъун яхузэфIэкIащ. Апхуэдэу щытми, ШынагъуэншагъэмкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, диверсионно-террорист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьынкIэ иджыри шынагъуэшхуэ щыIэщ.

ЩIыналъэхэм я унафэщIхэм гу лъарагъэтащ террорым пэщIэтыным теухуауэ къызэрагъэпэщ Iуэхухэм щIыпIэ бюджетхэм щыщ мылъку хухахын, а ахъшэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэми кIэлъыплъын зэрыхуейм, щэхурылажьэ бзаджащIэхэм я Iэтащхьэхэмрэ а гупхэм жыджэру хэтхэмрэ къэгъуэтыным икIи ебэныным, абыхэм мылъку зэраIэрыхьэ гъуэгухэр зэхуэщIыным, ядэIэпыкъухэр гъэмэщIэным, апхуэдэуи нэгъуэщI къэралхэм щыщ террорист зэгухьэныгъэхэм ящыщхэр щIыналъэм къимыгъэхьэным, Кавказ Ищхъэрэм щытыкIэр щызэIызыгъэхьэну хущIэкъухэм я мурадхэр къызэпыудыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм пыщэным мыхьэнэшхуэ дыдэ зэраIэм.

Терроризмэм зэрыпэщIэт Iэмалхэу хабзэ хъуауэ къагъэсэбэпхэм къадэкIуэу, къэрал властым и IуэхущIапIэ псори зэрахузэфIэкIкIэ а лэжьыгъэм хэтыну къыхалъхьащ.

Дызэрыт илъэсым, къыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щытыкIэм щытепсэлъыхьым, къэрал властым и органхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр быдэу зэпыщIауэ зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкIэ, щIэпхъаджащIэ гупхэм я къарур хэпщIыкIыу нэхъ кIуэщIащ, республикэм шынагъуэншагъэр нэхъ гъэбыда щыхъуащ.

Абы къыдэкIуэу, къыхигъэщащ КIуэкIуэм, тщIэн хуейуэ иджыри куэд къытпэщытщ. Террорист хьэгъэщагъэхэм хэмытыжыну мурад зыщIахэр мамыр псэукIэм къыхэшэжыным хуэгъэпса Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэ республикэ комиссэм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуа, апхуэдэуи IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэ гупхэм хэтхэм я унагъуэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ нэхъ жыджэру ядэлэжьэныр гъэлъэща зэрыхъуну Iэмалхэми дыхэплъэжынщ хуейщ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри кърегъэблагъэ Украинэм щыщхэр

**ПIалъэкIэ цIыхухэм щхьэегъэзыпIэ щрату Ростов областым къыщызэрагъэпэща хэщIапIэхэм къикIри Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм шыщхьэуIум и 12-м къэшащ зауэр щымыувыIа Украинэм щыщ Луганскэ, Донецкэ областхэм щыщ цIыхуи 111-рэ. Абыхэм ящыщу 34-р сабийщ.**

ЩТАПIЭ ихьэжахэм хухахащ «Маяк», «Дружба» зыгъэпсэхупIэхэр. УФ-м Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ и IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм ди республикэм къэкIуахэр ятх.

Зауэм зэрыщыщIидзэрэ псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым къэIэпхъуащ Украинэм и цIыху 293-рэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий пщэрылъ зэращищIам ипкъ иткIэ республикэм щолажьэ щтапIэ ихьэжахэм я IуэхухэмкIэ оперативнэ штаб.

***КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Бэгъуэтыж Светланэ псори дохъуэхъу!



КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и егъэджакIуэ Бэгъуэтыж Светланэ Батыр и пхъум и махуэр нобэ егъэлъапIэри, ди гуапэу дохъуэхъу ехъулIэныгъэ куэд дяпэкIи иIэну, узыншэу и бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ ящхьэщытыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым Бэгъуэтыжым и макъ дахэр къыщащIэр. Ди республикэм и Музыкэ театрым и утыкум щигъэзэщIа оперэ партиехэмрэ романсхэмрэ, адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэр цIыхухэм гуимыхуж ящыхъуащ. ЖыпIэнуракъэ, абы и макъыр зыфIэмытелъыджэ а зэманым бгъуэтынтэкъым.

Мис иджы и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэм яхэту, узыншэу еIэтри, абыхэм я щIалэгъуэ дэрэжэгъуэмрэ кърат гухэхъуэгъуэмрэ ягъэину, лъэпкъым и набдзэу зэрыщытым зы мэскъалкIэ кIэримыгъэхуу лэжьэну дыхуохъуахъуэ.

***«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэр.***

**P.S.** Бэгъуэтыж Светланэ теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэ гъунэгъухэм ящыщ зым тетынущ.



# ХъыбарегъащIэ агентствэм и ныпыр Iуащхьэмахуэ щохуарзэ

**Дызэрыт гъэм илъэси 110-рэ ирокъу Урысейм и япэ хъыбарегъащIэ телеграф агентствэр, иджыпсту ИТАР-ТАСС цIэр зезыхьэр, къызэрызэрагъэпэщрэ. Ар Урысей псоми абы и щIыбкIи щагъэлъэпIэнущ.**

ЮБИЛЕЙМ и щIыхькIэ ИТАР-ТАСС агентствэм и ныпыр Iуащхьэмахуэ и щыгум щыхитIэнущ КъБР-м альпинизмэмкIэ и федерацэм и президент, Эверест и щыгум тIэунейрэ нэса альпинист цIэрыIуэ Ольмезов Абдул-Хьэлим.

А гуфIэгъуэм и щIыхькIэ шыщхьэуIум и 8-м Азау щIыпIэм деж щекIуэкIа зэIущIэм ИТАР-ТАСС агентствэм и ныпыр альпинистым щритащ а агентствэм и генеральнэ директорым и къуэдзэ Паршин Константин. Абы иужькIэ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм я лIыкIуэхэр ящIыгъуу Москва къикIа хьэщIэхэр Iуащхьэмахуэ метр 5180-рэ хъу и лъагапIэм нэсдэкIахэщ. АлъагапIэр къызэрагъэIурыщIамкIэ сертификатхэр Ольмезов Абдул-Хьэлим яритащ Паршин Константин, ИТАР-ТАСС агентствэм и проект хэхахэм я унафэщI Левицкая Ольгэ, ИТАР-ТАСС агентствэм и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэ Кипкеев Борис сымэ.

**ТАРИМ Алисэ,**
*Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-секретарь.*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм и пункт 4.2-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.
2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм я IуэхукIэ» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыдигъэкIа Унафэ №1130-П-П-м.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м*
*№2023-П-П*

*Унафэм и гуэдзэныр 2-нэ нап. тетщ*




### Украинэм доIэпыкъу

**Урысей Федерацэм и «КамАЗ» автомашинэ 280-рэ Украинэм кIуэуэ гъуэгу техьащ. УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей зэрыжиIамкIэ, Киев арэзы хъуащ гузэвгъуэ хэхуа и цIыхухэм зэрызыщIагъакъуэ хьэлъэхэр яIихыну.**

А колоннэр яхъумэ щхьэусыгъуэ яIэу урысеидзэм щыщ щIагъуауэ къыщIэкIмэ, Украинэм и унафэщIхэм а машинэхэр я къэралым ирагъэхьэнукъым. Дыгъуасэ апхуэдэу жиIащ Украинэм и президентым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Чалый Валерий.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэу хъумэ, Москва яхуиутIыпща хьэлъэр къэрал гъунапкъэм деж щаунэщIынурэ машинэхэр къаутIыпщыжынущ. Хьэлъэр адэкIэ зышэнури зыхухахахэм яIэрызыгъэхьэнури мы Iуэхур зи нэIэм щIэту екIуэкI Жор Плъыжь дунейпсо комитетырщ, жиIащ Чалый.

А къэралым и ипщэкъуэкIыпIэ щIыналъэм щыпсэухэм УФ-м яхуиутIыпщащ цIыхур Iэмалыншэу махуэ къэс зыхуей хъухэр. Тонн минитI хъу гуманитар хьэлъэм и нэхъыбапIэр ерыскъыхэкIщ: тонн 400-р гъавэхэкIщ, фошыгъуу тоннищэ, сабийхэм папщIэ шхыну тонн 62-рэ, хущхъуэхэкIхэр, Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэр, тепIэнщIэлъынхэр.

### Iуэхур щIагъэпсынщIэми

**Къыргъызым мы илъэсым кърииубыдэу и мурадщ Урысей Федерацэм, Белоруссием, Къэзахъстаным я Таможнэ зэгухьэныгъэмрэ Евразие экономикэ союзымрэ хыхьэну. А Iуэхур щIэгъэпсынщIэнымкIэ Къыргъызым и Iэтащхьэр гурыIуащ УФ-м и Президент Путин Владимир.**

УрысеймрэЕвросоюзымрэ яку къыдэхъуа зэщыIеиныгъэр къагъэсэбэпынурэ, къэрал куэд яужь ихьэнущ УФ-м и сату Iуэхум «нэщI хъуа и дапхъэхэр» яубыдыну. Къыргъызми аращ зи Iуэху зэрихуэр. Ауэ Таможнэ зэгурыIуэныгъэм хэмыт а къэралым и ерыскъыпхъэхэр сертификацэм пхыкIын хуей хъунущ. Абы мылъку лей текIуэдэнущ, къимыдэкIэ, Къыргъызым къраш продукцэм мардэм къигъэув фIагъ щимыIэр нэхъыбэщи, абыи гугъуехь мымащIэ къишэну къалъытэ IэщIагъэлIхэм.

### НОБЭ

♦**Iэ сэмэгур нэхъ зыгъэшэрыуэм и дунейпсо махуэщ**

♦1942 гъэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм фашистхэм я бийуэ пэкIу ирагъэкIуэкIащ.

♦1944 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и президиумым и унафэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ Кострома, Томскэ областхэр.

♦1961 гъэм Берлин тIууэ зыгуэш блыныр ухуэн щIадзащ.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТхьэкIушынэ Нухь** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Урысей ФедерацэмрэКъэбэрдей-Балъкъэрымрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, радиом и адыгэ къудамэм и диктору илъэс куэдкIэ щыта **Безрокъуэ Хужь** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Нуралий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуныжь Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист, опернэ уэрэджыIакIуэхэм Пуччини и цIэкIэ Милан (Италие) щрагъэкIуэкIа зэпеуэм щытекIуа **Ташло Алий** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Чэнджащэр щыуэркъым.**

### Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.



● ГуфIэгъуэ зэIущIэхэр

# ЩIэгушхуэн яIэщ

**КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и хэщIапIэм шыщхьэуIум и 8-м къыщыхалъхьа зэIущIэ гуапэм цIыху куэд зэхуишэсат. Абы ирагъэблэгъат республикэм и ухуакIуэ комплексым зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ветеранхэр, а IэнатIэм пыщIа IуэхущIапIэ псоми я лIыкIуэхэр, лэжьакIуэ пашэхэр.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу РСФСР-мрэ Урысей Федерацэмрэ щIыхь зиIэ я ухуакIуэ цIэ лъапIэр зыфIаща цIыху 56-м я унэцIэхэр зытетха стендым и тепхъуэр траха нэужь республикэм и япэ вице-премьер Уянаев Казым гуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIуихри, зэхуэсахэм я махуэмкIэ ехъуэхъуащ.

- Дызэрыщыгъуазэщи, илъэс къэс шыщхьэуIум и етIуанэ тхьэмахуэ махуэм УхуакIуэм и махуэр ди къэралым щагъэлъапIэ. Ар СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ 1955 гъэм фокIадэм и 6-м ягъэувауэ щытащ. Япэу щагъэлъэпIар къыкIэлъыкIуэ илъэсым шыщхьэуIум и 12-рщ. Апхуэдэ Iуэху дахэкIэ мы гъэм тхущIрэ еянэрэ къэралым и ухуакIуэхэр зэхохьэри, псоми фIы къыфхудэкIуэну, ехъулIэныгъэ фиIэну си гуапэщ. ПщIэшхуэ зиIэ IэнатIэ гугъум пэрыт псоми фи махуэ лъапIэмкIэ сынывохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу. Мыр цIыхухэм щахуэгуапэ, ахэр щагъэгушхуэ зэхыхьэщи, си пщэрылъыр згъэзэщIэну хуит сыкъэфщI, - жиIэри, «Ай-Би-Си Промстрой» трестым и технологие къудамэм и унафэщI Кузнецовэ Наталье, трестым и Iэтащхьэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкIуэкI ухуэныгъэмкIэ и къуэдзэ Хаджиев Юсуп, Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министерствэм къэрал ухуэныгъэхэм кIэлъыплъынымкIэ и департаментым и тхьэмадэ Жыгун Алим, «Ассо» ООО-м и монтажыщI гупым и бригадир Кононов Сергей, «Фортуна» ООО-м и унафэщI Ездэч Руслан сымэ республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр яритащ. Апхуэдэу «Къалэ хуабэ», «Псэуалъапхъэхэр», «Аруан гъуэгуухуэ управленэ» ООО-хэм я унафэщIхэу ДыщэкI Мурат, Шад Хъусен, Шунгаров Самат, «Ай-Би-Си Промстрой» трестым и бухгалтер нэхъыщхьэ Батыр ФатIимэ, «Къэббалъкъгипс» обществэм и Iэтащхьэ Шуайпов Мусэ, абы и къуэдзэ Гулиев Барэсбий, предприятэм техникэ IуэхухэмкIэ и архивым и унафэщI Тимощюк Людмилэрэ табельщик Мельниковэ Таисэрэ Правительствэм и ФIыщIэ тхылъ хуагъэфэщащ.

- Къэралми, дэтхэнэ зыми и зэIузэпэщыгъэр ди IэнатIэм и зэфIэкIым куэдкIэ елъытащ. Республикэм и теплъэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэр псэупIэ тэмэмкIэ, социальнэ IуэхущIапIэ екIуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным ди ухуакIуэхэм я гуащIэшхуэ халъхьэ. IэнатIэщIэхэр яухуэ, къалэхэмрэ районхэмрэ я псэуалъэхэр къагъэщIэращIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуакIуэхэр лэжьыгъэм хуэIэижьщ, щIыхькIэ гъэнщIа хабзэ лъапIэхэр къадокIуэкI, я IэдакъэщIэкI гъуэзэджэхэм ди щIыналъэр добжьыфIэ, нэхъ дахэж щIохъукIри, абы папщIэ фIыщIэшхуэ яхудощI, - къигъэлъэгъуащ ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ министр Тутыкъу Анзор. Мазибл кIуам лэжьыгъэфI яIащ ди ухуакIуэхэм. Къапщтэмэ, псэупIэу метр зэбгъуззэнатIэ мини 103,6-рэ ятащ, фэтэр куэд хъу унэу 9 яухуащ.

Подряд лэжьыгъэу зэфIагъэкIым, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ, процент 20-кIэ хэхъуащ. Лэскэн ЕтIуанэ, Ташлы-Тала, Джэрмэншык , Безенги, Матвеевскэ къуажэхэм фельдшер-акушер пунктхэр, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Къэхъун, Сэрмакъ, Плановскэ, Куба, Котляревскэ жылагъуэхэм физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексхэр къыщызэIуахащ. Налшык щыIэ «Къалэ клиникэ сымаджэщ №1 ГБУЗ-м къатих хъу и корпусыщIэр, Республикэ клиникэ сымаджэщым папщIэ яухуа хирургиемкIэ къудамэщIэр ятащ, Бабугент къуажэм сабий гъэсапIэ дащIыхьащ, Налшык дэт Онкологие диспансерыр зэрагъэпэщыжащ. Илъэсым щыщу къэнэжа мазитхуми лэжьыгъэшхуэ къапэщытщ. Псалъэм папщIэ, «Налшык» курортым ЩэнхабзэмкIэ и унэр, МузыкэмкIэ театрыр зэгъэпэщыжыныр и кIэм нагъэсынущ, Нартан къуажэм ФОК, Iэдииху хьэблэ еджапIэ, Анзорей къуажэм къуажэм сымаджэщ щаухуэнущ, Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Нарткъалэ, Каменномост, Жэмтхьэлэрэ Курп Ипщэрэ сабий гъэсапIэхэр щащIынущ. Зэрыдубзыхуам тету, Кэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ 40-м фельдшер-акушер пунктхэр щаухуэнущ, цIыху 825-рэ унэжьхэм къыщIагъэIэпхъукIынущ. Зи гугъу сщIыхэм къадэкIуэу, нэгъуэщI пщэрылъхэри къапэщытщи, а псоми ди ухуакIуэхэр зэрехъулIэнум шэч къытетхьэркъым.

ИужькIэ Тутыкъу Анзор лэжьакIуэ пашэхэр игъэпэжащ, я министерствэм и ЩIыхь тхылъкIэ ахъшэ саугъэтхэмрэ гупышхуэм - цIыху 40-м нэблагъэм яритащ. Апхуэдэу Уянаев Казым, лэжьыгъэм и ветеранхэу Попович Виктор, Бейтыгъуэн Анатолэ, Кононюк Василий, Iулыдж Борис сымэ УхуакIуэхэм я лъэпкъ зэгухьэныгъэм «Ухуэныгъэ IэнатIэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» и орденыр, Тутыкъу Анзор а зэгухьэныгъэм и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр щызэхуищIыжым, Тутыкъу Анзор къыхигъэщащ ухуакIуэ IэщIагъэр нэхъ пщIэшхуэ зиIэхэм, Iэтауэ ягъэлъапIэхэм зэращыщыр, ар къыхэзыхам, абы хуэIэижьым и IэдакъэщIэкIыр зыузэщIыныгъэм и дамыгъэ лъапIэу къызэралъытэр икIи республикэм зегъэужьыным, цIыхухэр псэупIэ тэмэмкIэ къызэгъэпэщыным, псэуалъэ екIухэр ухуэным хуащI хэлъхьэныгъэ инхэм папщIэ, зэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ, узыншэу я махуэ куэд ягъэлъэпIэну ехъуэхъуащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик**.



*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

# Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я лъэпкъ махуэшхуэ

***(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).***

- Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгэ Республикэми я Iэтащхьэхэм а IуэхумкIэ захуэзгъэзэну сэ къалэн сщащIащ. Урысей Федерацэм адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу и республикищым къызэдащтэмэ, абы, шэч хэмылъу, и лъабжьэр нэхъ куу хъунущ. КъищынэмыщIауэ, шэч лъэпкъ хэлъкъым мыр нэгъэщI къэрал куэдым щыпсэу ди къуэшхэми къызэрыддащтэнум. Абы теухуауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэм дыщызэпсэлъати, Тыркуми, Сириеми, Иорданиеми, США-ми, Израилми, нэгъуэщI къэралхэми я лIыкIуэхэр арэзы техъуащ, апхуэдэуи Шапсыгъ, Мэздэгу Адыгэ Хасэхэми, нэгъуэщI къалэхэм щыIэ Хасэхэм я тхьэмадэхэри къыпэджэжащ.

Адыгэбзэм, Адыгэ бэракъым, Адыгэ фащэм, Къэзыгъэзэжахэм я махуэ хэхахэр диIэщ дэ. Ауэ, сэ сызэреплъымкIэ, мыхьэнэ нэхъыбэ ирату, илъэсым къриубыдэу ди лъэпкъыр зэхыхьэн хуейщ накъыгъэм и 21-м - Адыгэхэм я фэеплъ махуэмрэ мис дыгъуасэ къыдэкIа унафэмкIэ ягъэува Адыгэхэм (Шэрджэсхэм) я лъэпкъ махуэмрэ. ФокIадэм и 20-м ди щIалэгъуалэр гушхуэу, ди ехъулIэныгъэхэр утыку къитхьэу, ди цIыху нэхъыфIхэр тIэту, ди хъугъуэфIыгъуэхэр дгъэлъагъуэу дызэхэтмэ, хъарзынэ хъуну къызолъытэ. Си гугъэщ ар тхузэфIэкIыну.

**- Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, а махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкIуэкIыпхъэ Iуэхугъуэхэм я жыпхъи вгъэхьэзыращ. Сыт абы хебгъэубыдар?**

- ЗэрыжысIам тету, дэ нэхъ тфIэкъабылщ а махуэм ди фIыр утыку къитхьэну, ди тхакIуэхэр, усакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр псоми къедгъэцIыхуну, ди гур хэзыгъахъуэ, ди лъэр щIэзыгъэкI сыт хуэдэ Iуэхури адрейхэм къыддалъагъун хуэдэу тIэтыну. Абы ипкъ иткIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ зэгурыIуауэ фокIадэм икухэм щIидзэу ирагъэкIуэкIыну я мурадщ, псалъэм папщIэ, «Иужьрей илъэс минитIым къриубыдэу псэуа адыгэ щэджащэхэр» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр, «Дэ куэд щIауэ шэрджэскIэ къыдоджэ» альбомымрэ тхылъи 150-у зэхэт «Черкесика» серием щыщу къыдэкIа томи 5-мрэ утыку къихьэныр. Апхуэдэу игъуэу къэтлъытащ режиссёр, продюсер цIэрыIуэ Къандур Мухьэдин, режиссёр Iэзэ Вэрокъуэ Владимир сымэ я художественнэ, документальнэ фильмхэр зэкъуэш республикищым я телевиденэхэмрэ Иорданием щыIэ «Нарт-ТВ» каналымрэ щыгъэлъэгъуэныр.

КъБР-ми, КъШР-ми, АР-ми диIэщ я IэзагъкIэ щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуа сурэтыщI гъуэзэджэхэр. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр республикищми щыбгъэлъэгъуэныр и чэзут. Шыгъажэ, спорт зэхьэзэхуэ, адыгэ усакIуэхэм, уэрэджыIакIуэхэм я пшыхь егъэкIуэкIыныр, адыгэ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт гъэхьэзырыныр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди къызэщIеубыдэ программэм.

Иджыри зэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIыу КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий фIыщIэ хуэтщIыну дыхуейщ Iэ зыщIидза дэфтэрымкIэ псыпэ дахэр зэрыришэжьам щхьэкIэ.

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

# КхъухьлъатэкIэ дызекIуэн папщIэ

## билет нэхъ лъапIэ дыдэхэр къэзыщэхухэм дащыщщ

Иджыблагъэ Biletix урысей агентствэ пэрытым гъэмахуэ мазэхэм яща авиабилет мин 25-м щIигъум зэрыхэплъам ипкъ иткIэ къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, сом мин 30 нэхърэ нэхъ лъапIэ билетхэр къэзыщэхухэм ящыщщ Брянск, Курск областхэр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Апхуэдэхэр Брянскэ областым процент 60,1-рэ, Курскэ областым процент 54,8-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым процент 52,7-рэ, Ярославскэ областым 52,4-рэ, Калужскэ областым процент 52,2-рэ, Карелием процент 45-рэ, Забайкальскэ крайм процент 43,3-рэ щохъу. Къэгъэлъэгъуапхъэщ егъэлеяуэ уасэшхуэ зиIэ билетхэр Москва щыщу процент 35,3-м, Санкт-Петербург щыщу процент 22,7-м фIэкIа къызэрамыщэхур.

Хэхауэ жытIэнщи, кхъухьлъатэкIэ зекIуэн папщIэ 2014 гъэм и гъэмахуэм ику иту щIат уасэр сом 20844-рэ мэхъу.

«Къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэм кхъухьлъатэкIэ зекIуэн папщIэ ахъшэ нэхъыбэ ягъэкIуэдын хуей зэрыхъум зыри гъэщIэгъуэну хэлъкъым, сыту жыпIэмэ, абыхэм авиакомпаниехэр щызэпеуэу урихьэлIэркъым, абы къыдэкIуэу нэгъуэщI къэралхэм кIуэ цIыхухэм Москва зэрынэсын билетхэр лейуэ къащэхун хуей мэхъу. Ауэ мыбдеж нэхъ гъэщIэгъуэныр Урысейм и кум щыIэ, Москва нэхъ пэгъунэгъу щIыналъэхэм кхъухьлъатэкIэ зекIуэн папщIэ Уралым, Сыбырым, КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыпсэухэм нэхърэ билет нэхъ лъапIэхэр къызэращэхурщ», - къыхигъэщхьэхукIащ Biletix агентствэм и Iэтащхьэ Сизинцев Александр.

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м къищта Унафэ №2023-П-П-м и гуэдзэн*

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм ХЭТХЭР

**Республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр**

1. **АфIэунэ Къантемыр Аслъэн и къуэр** - «Кавказ щIалэгъуалэм я лигэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
2. **Джаппуев Мусса Хьисэ и къуэр** - «ЩIалэгъуалэ жэрдэмхэм я IуэхущIапIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ
3. **Жанатаевэ Мадинэ Сэлим и пхъур** - Узыншагъэр хъумэным, экологие тэмэмым, физкультурэм, спортым, бэшэчагъым щыхуагъасэ «Стимул» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
4. **Жэмыхъуэ Умар МуIэед и къуэр** - «Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ спорт клуб» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ
5. **Къущхьэ Астемыр Арсен и къуэр** - щIыналъэм зэпIэзэрыту зегъэужьыным телажьэ «Архитектурэ-художественнэ къэпщытэныгъэмкIэ департамент» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
6. **Сыжажэ Хьэчим Сэрэбий и къуэр** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэ» дин зэгухьэныгъэ
7. **Сындыку Iэдэм Тимур и къуэр** - «Хэкупсэхэр щагъасэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ
8. **Тетуевэ Лаурэ Тимур и пхъур** - «ЦIыхубз-унафэщIхэм я ассоциацэ» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
9. **Ульбашевэ Джамилэ Руслан и пхъур** - «Налшык къалэ округым и япэ къэлъыхъуакIуэ гуп» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ
10. **Уянаев Марат Руслан и къуэр** - «Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
11. **ХьэпцIэ Руслан Аслъэн и къуэр** - «Хэкупсэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
12. **Шестирублёв Сергей Николай и къуэр** - «Кавказ Ищхъэрэм и мэкъумэшыщIэ ныбжьыщIэхэр» фейдэ къэлэжьыным темыщIыхьа жылагъуэ зэгухьэныгъэ пыгъэщхьэхукIа
13. **ЕхъулIэ Къантемыр Леонид и къуэр** - «Фи унагъуэм мамырыгъэ ирырелъ» терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныным жылагъуэр хузэщIэгъэуIуэным телажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ

**ЩIыналъэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, муниципальнэ районым, къалэ округым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и органым и деж щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIыным ехьэлIауэ щыIэ коллегиальнэ чэнджэщэгъу органхэм я лIыкIуэхэр**

1. **Асфар Анастасие Олег и пхъур** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и деж щыIэ щIалэгъуалэ администрацэ
2. **Ахматов Ильяс Хьэсэн и къуэр** - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и деж щыIэ щIалэгъуалэ палатэ
3. **Багъ Альберт Хьэлий и къуэр** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и деж щыIэ щIалэгъуалэ администрацэ
4. **Зеущэ Алёнэ Альберт и пхъур** - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и деж щыIэ щIалэгъуалэ совет
5. **КIэнцIалий Тимур Руслан и къуэр** - Тэрч районым и «Джулат» жылагъуэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ
6. **Къэрмокъуэ Маринэ Мухьэмэд и пхъур** - «Налшык къалэ округым и цIыхубзхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
7. **Къущхьэ Инал Роберт и къуэр** - «Налшык къалэм и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
8. **Мамбэт Мурат Владимир и къуэр** - «Шэджэм районым и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
9. **Рудская Викторие Сергей и пхъур** - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и деж щыIэ щIалэгъуалэ администрацэ
10. **Сафроновэ Викторие Сергей и пхъур** - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и деж щыIэ щIалэгъуалэ жылагъуэ совет
11. **Табаксоев Кемал Абдул-Чэрим и къуэр** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэрэдж районым и къуажэ щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
12. **Шондыр Ахьмэд Маюн и къуэр** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан районым и къуажэ щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

**ЕджапIэхэм щыIэ студент органхэм я лIыкIуэхэр**

1. **Абазэ Албэч Хьэжмурат и къуэр** - «КооперацэмкIэ, экономикэмкIэ, правэмкIэ Белгород дэт университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ пыгъэщхьэхукIам и къудамэм - КооперацэмкIэ Налшык дэт институтым и щIэныгъэ зэгухьэныгъэ
2. **Антоновэ Кирэ Эдуард и пхъур** - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и студентхэм я совет
3. **Ашэбокъуэ Дамирэ Арсен и пхъур** - «ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и студентхэм я совет
4. **Башиевэ Луцэ Беслъэн и пхъур** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм медицинэмкIэ и факультетым и студентхэм я щIэныгъэ зэгухьэныгъэ
5. **Безыр Анзор Хьэсэнбий и къуэр** - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ студентхэмрэ я совет
6. **Дол Иннэ Анурбэч и пхъур** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм гъуазджэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и факультетым и студентхэм я совет
7. **Малкаровэ Зульфия Арсен и пхъур** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм правэмкIэ, экономикэмкIэ, финансхэмкIэ и институтым и студентхэм я совет
8. **Уянаевэ Хьэлимэт Борис и пхъур** - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм управленэмкIэ и институтым и студентхэм я совет
9. **Хьэжырокъуэ Миланэ Замир и пхъур** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм правэмкIэ, экономикэмкIэ, финансхэмкIэ и институтым и студентхэм я щIэныгъэ зэгухьэныгъэ
10. **Шэчэм Руслан Виктор и къуэр** - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и аспирантхэм я совет

**Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр**

1. **Бэрбэч Альбинэ Амур и пхъур** - «Урысей щIалэ» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ
2. **Волков Кирилл Андрей и къуэр** - «Урысей Федерацэм и къэзакъ парт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ
3. Гелястанов Аслъэн Мухътар и къуэр - «Урысейм и либерал-демократие парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ
4. **Корсаковэ Галинэ Алексей и пхъур** - «ЩхъуантIагъэхэм я хъумакIуэ - ЦIыхубэ парт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ
5. **Нэзрэн Беслъэн Мухьэмэд и къуэр** - «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ
6. **Сурковэ Екатеринэ Владимир и пхъур** - «Захуагъэ Iуэху» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ
7. **ФIэщмыхъу Рустам Амырхъан и къуэр** - «Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ
8. **Чеченов Ислъам Щамил и къуэр** - «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ



● Налшык - 290

# «ЛъэсырызекIуэхэм я уэрам»

Налшык и Къэбэрдей уэрамым елэжьын щIадзащ. ЗэрытраухуамкIэ, Къэбэрдей уэрамым щыщу КIыщокъуэмрэ Нэгумэмрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамитI зэхуакум машинэ дыхьэнукъым, лъэсу зекIуэхэм я уэрам хъунущ.

Иджыпсту лэжьыгъэшхуэ йокIуэкI: псы, газ зрикIуэ бжьамийхэр щIэкIэ яхъуэж. «Газпром газораспределение Нальчик» ОАО-м и IэщIагъэлIхэм щыгъуазэ дызэращIамкIэ, иджы щIалъхьэ бжьамийхэр дагъуэншэу илъэс 40-кIэ яхуэлэжьэнущ. ЗэрахъуэкIхэм я пIалъэр зэрикIрэ илъэс 20-м щIигъуащ, лIэщIыгъуэ кIуам и 60 гъэхэрат ахэр щаукъуэдияр.

Къэбэрдей уэрамым Iуэху щащIэ «Водоканал» МУП-м, «Нальчик-теплоэнерго», «Нальчикские электрические сети» АО-м я лэжьакIуэхэм. Газ, псы, электрокъару зрикIуэхэр зэхъуэкIыныр мы мазэм къриубыдэу зэфIэкIынущ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**
*Сурэтыр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

# Адыгэ лъэпкъым лъагъуныгъэ щэху зыхуищIа лIы щэджащэ

## Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист Къаздэхъу СулътIан псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут



## Ди гум ущопсалъэ, ущогуфIэ, ущопсэу

**Илъэс тIощIкIэ сыкIэлъыплъащ СулътIан и лэжьыгъэм. А зэманым къриубыдэу абы и зэфIэкIым куэд хигъэхъуащ. «Мыр япэм сцIыхуу щыта Къаздэхъуракъым» щIыжыпIэн щыIэт. ФIы и лъэныкъуэкIэ.**

IУТIЫЖ Борис и «Тыргъэтауэ» спектаклым щыслъэгъуа артистыр къысхуэцIыхужыртэкъым. СулътIан игъэзэщIа Шупашэ и ролыр купщIафIэт, зэрыджэгу щIыкIэри уи фIэщ хъурт.

Абы иужькIэ Къаздэхъур удихьэхыу хэтащ «Хьэцацэ дахащэ», «Гуащэмыдэ хьэблэ», «ГушыIэр гушыIэщ», «Фыз цIыкIу къамэшхуэ», «ТIатIушэрэ СатIурэ», «Эдип» спектаклхэм. Илъэс къэси и зэфIэкIым хигъахъуэ зэпытт. Хуэфащэ дыдэуи СулътIан къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр.

Илъэс тIощIкIэ си ныбжьэгъуащ а цIыху гуащIафIэр. Ар хьэлэлт - сом фIэкIа имыIыгъми, къыбдигуэшынут. Ар гумащIэт - хамэ къэрал къикIа ди лъэпкъэгъухэм зэман ятригъэкIуадэрт. Ар езэшыртэкъым - гуп яхэсмэ, усэ къеджэрт, дахэу гушыIэрт, уэрэдыжь къыхэбдзэмэ, къыбдиIыгът.

Сэ мызэ-мытIэу СулътIан и гъусэу гъуэгу сытехьащ. Ар цIыху тыншт, махуи жэщи, илъэс бжыгъэкIи уригъусамэ, уигъэзэшынутэкъым.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къаздэхъу СулътIан щыIэжкъым. Ауэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр фIыуэ зылъагъухэм ЦIыхубэ Артистыр ноби ягу щопсалъэ, щогуфIэ, щопсэу.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**,
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

## Хущхъуэ хъарзынэ

**ГушыIэр, жаIэ, Тхьэм и щIасэщ.**
**Ар зи мыщIасэр щIэх жьы мэхъу.**
**Жьы зывмыщIынумэ нэхъ пасэу,**
**Хущхъуэ хъарзынэщ мыр:**
**«Къаздэхъу»...**

**Хущхъуэгъуэ папщIэу уи лэжьыгъэр**
**Уэ яхуогуэшыр цIыху къопщIам.**
**Аращ и щэхур лъагъуныгъэ**
**Адыгэ лъэпкъым къыпхуищIам.**

ДЫГЪУАСЭ хуэдэщ мы усэ кIэщI цIыкIур сэ СулътIан щыхуэстхар, ауэ гущIэгъуншэу ежэкI зэманым зэрыжиIэмкIэ, илъэс 12 мэхъу абы лъандэрэ. Псом нэхърэ нэхъ гуауэу абы хэлъращи, илъэс зытIощIырыпщI хуэдизкIэ ажал Iуэху лъэпкъ зи щхьэ хуумыхьыфыну абы щыгъуэ къытщыхъуу щыта езы Къаздэхъу СулътIан дунейм зэрехыжрэ илъэс бжыгъэ хъуащ.

Актёр Iэзэу, актёр Iэсэу щытауэ къызолъытэ сэ Къаздэхъу СулътIан. СулътIан и актёр Iэзам зэран хуэхъуарэ сэбэп хуэхъуарэ Тхьэм ещIэ, ауэ си тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэм хэту ар куэдрэ сценэм къызэрихьар Адыгэ театрыр фIыуэ зылъагъу псоми ящIэж, сэри абы хуабжьу сригуфIэу икIи сригушхуэу щытащ икIи щытщ.

СулътIан и актёр Iэзагъэм теухуауэ зэ къытезгъэзэжынщи, ар ящыщт птхам нэгъуэщIынэкIэ уезыгъэплъыжыфхэм, ущыгуфIыкIыу, кIуэаракъэ, уригъэхъуэпсэжу ролыр зыгъэзащIэхэм.

СэркIэ гуимыхужщ абы Тыргъэтауэ и адэ Шупашэ и ролыр гукIи псэкIи етауэ игъэзащIэу, тхыгъэм зы «IэфI» гуэр хэлъыххэмэ, ар къеплъхэм, къедаIуэхэм я деж гупсэхуу нихьэсыфу зэрыщытар. Апхуэдэ дыдэу Iэзэу игъэзэщIащ СулътIан «Эдип» пьесэм къытращIыкIа спектаклым хэт Форбас и ролри.

АтIэми, Къаздэхъур цIыхум ягу нэхъ къызэринари, и актёр IуэхущIафэм и нэхъыбапIэри абы и гушыIэ, ауан ролхэрщ, комедиехэм щигъэлъэгъуа зэфIэкIырщ. Си тхыгъэхэм къытращIыкIа спектаклхэу «Гуащэмыдэ хьэблэ», «ГушыIэ махуэ апщий!», «ГушыIэр гушыIэщ», «Жьэмыгъуэ - Африкэм» жыхуиIэхэм хэтащ СулътIан. Сэ сытым дежи жызоIэ, ноби жысIэну сыхуейщ: Къаздэхъу СулътIанрэ Мэшыкъуэ Фенярэ а спектаклхэм я ролхэр зэрыщагъэзэщIам хуэдэу зыгъэзэщIэн къэгъуэтыгъуейщ. А артист гъуэзэджэхэм я фIыгъэкIэ си персонажхэу Жьэмыгъуэрэ Хьэжымуридрэ роль-маскэ жыхуаIэ мыхьэнэр щагъуэтауэ къызолъытэ сэ ди театр гъуазджэм.

Сэ си насып ин къикIауэ къызолъытэ Къаздэхъу СулътIан хуэдэ актёр иным си пьесэхэр цIыхухэм я гум, я псэм зэрынихьэсам къыхэкIыу. Срогушхуэ ар си ныбжьэгъуфIу зэрыщытам, зы лэжьапIэ дыIумытами, дызэдэлэжьащ, театр Iуэху къызэдетхьэжьэу, зэфIэтхыу дызэщIыгъуащ, жысIэну сызэрыхуитым.

И актер Iэзагъэм и закъуэтэкъым Къаздэхъум цIыхур зэрызыIэпишэр. Нэгъэсауэ цIыху угъурлыт, жумартт, хэтыкIэ, дэгъуэгурыкIуэкIэ ищIэрт.

Елбэдым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет «хрущевкэ» гуэрщ СулътIан щыпсэуар. Актёр, къэфакIуэ, музыкант жыпIэми, гъуазджэм и лэжьакIуэ зыкъом щопсэу а унэм. Щопсэу, сэ зэрысщIэмкIэ, я гуауэри я гуапэри зыуэ, я шыгъу-пIастэ зэIурылъу, я Iуэху дэтхэнэри къызэдаIэту. ЖыпIэнуракъэ, хъуэпсэгъуэу. А псор щIыжысIэращи, Къаздэхъу СулътIанрэ абы и щхьэгъусэ Русланэрэщ (жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ, ари дунейм ехыжащ) а зэгъунэгъуфIхэм я нэхъыжьыуи Iуэхупэублэуи щытахэр.

Бын и лъэныкъуэкIи я псэхэр щIэгуфIэн лъэужь дунейм къытранащ СулътIанрэ Русланэрэ. Я къуэ закъуэ Аслъэн «щэ уэстын, хьэмэ щэ я уасэу зы уэстын?» жыхуаIэм хуэдэщи, нобэрей гъащIэм хъарзынэу хэзэгъауэ къэзылъхуахэм зэрахуэфэщэну мэпсэу, сабийуэ къаIэрыхьэу СулътIанрэ Русланэрэ зэдапIа фIэкIа умыщIэну, Аслъэн и щхьэгъусэ Рити нэгъэсауэ цIыху угъурлыщ, бын дахэ зэдапI. Апхуэдэщ СулътIанрэ Русланэрэ япхъу Ларисэ и унагъуэри. Ларисэ адэм и IэщIагъэр къыхихащ, иджыпсту актёр IэщIагъэмкIэ сабийхэм ядолажьэ.

Мыпхуэдэу сухыну сыхуейт си тхыгъэр. Къаздэхъу СулътIани, СулътIан и ныбжьхэми, ахэр къызыщIэтэджа ди артист нэхъыжьыжхэми я балигъ гъащIэм и нэхъыбапIэр щрахьэкIар, Тхьэм иреще, Адыгэ театрыращ, абы нэхъыфIу ялъагъу уни дунейм тетауэ къыщIэкIынукъым. Илъэс мин бжыгъэкIэ адыгэ лъэпкъыр дыхуэкIуауэ жыпIэ хъунущ театр диIэ хъуным (театр унэракъым дэ мыбдежым зи гугъу тщIыр). Зы лIы ныбжь хуэдизи ирикъуакъым а насыпыр дэ зэрыдгъуэтрэ. НтIэ, а насыпыр адэкIи зыхуэхъумэн, нэгъэсауэ лъэпкъым хуэзыгъэблэфын абы епха псори Тхьэм дищI!

**IУТIЫЖ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ.*
*2004 гъэ.*

## Сыт щыгъуи

**Щукиным и цIэр зезыхьэ театр еджапIэр къэдухыу лэжьэн щыщIэддзагъащIэм, «Гуащэ ябгэ» спектаклым СулътIан щигъэзащIэрт Елгъэр и ролыр. Сэ абы и зэблэхъуу сыщыхагъэхьэм, апхуэдэ актёр гъуэзэджэм ищI ролыр къызэрысхуагъэфэщам сигъэшынат.**

АРАТИ, а спектаклыр Къэрэшей-Шэрджэсым яшэн хуей хъуащ. Сэри абы я гъусэу сыкIуащ, Къаздэхъур зэрыджэгум сыкIэлъыплъыну. Ауэ абы упэхъун щхьэкIэ куэд ухуейт. СулътIан иIэт езым къеплъын къудей щхьэкIэ къакIуэхэр, театреплъхэм я гум апхуэдизкIэ дыхьэрти. Махуэ къэс и джэгукIэр зэтехуэртэкъым. ИтIанэ, ТIыхъужь Алий хуэдэу, пьесэм хэмыт псалъэхэр къыхэмыщу хигъэувэрт. СулътIан и лэжьыгъэкIэ къыгуэхыпIэ иIэкъым Алийрэ Дыщэкl КIунэрэ - зи цIэр гушыIэным епхахэм.

Куэд дэмыкIыу унэ къыдатри, СулътIан сэрэ зэгъунэгъу дыхъуащ. Мис абы щыгъуэщ ар нэхъыфIыжу къыщысцIыхуар. Абы къыхиха артист IэщIагъэр и адэм игу ирихьыртэкъым, жаIэ. Ар илъэситхукIэ Москва щеджауэ къыщыкIуэжам щыгъуэ япэу къагъэлъэгъуа спектаклым Къаздэхъур жейуэ зыщIыпIэ и деж щылъу арат и ролыр зэрыхъури, ар зылъэгъуа и адэм: «Уэлэхьи, абы ущымыкIуами, а жеин тIэкIур зыхэплъхьэ щымыIа», - жиIэгъауэ яIуэтэжырт.

Артистым ролхэр «къыщыкIэрыпщIапэ» къохъу. Псалъэм папщIэ, Шортэн Аскэрбий и пьесэм къытращIыкIа спектаклым ТIыкъэ и ролыр апхуэдизкIэ абы ещхь хъуати, ТIыкъэкIэ къыщеджи щыIэт. ИлъэсыщIэр къихьэным махуэ зытIущ иIэжу бэзэрым дытехьат СулътIанрэ сэрэ. А зэманым «Гуащэ ябгэ» спектаклым Елгъэр и ролыр щигъэзащIэрт абы. ЦIыхухэм телъыджэ къащыхъуауэ джэгурт. АтIэ, Елгъэр и анэ шыпхъум ахъшэ къыIрихын щхьэкIэ, апхуэдизкIэ Iэмал псори къигъэсэбэпырти, уеблэмэ лIэмэ зэригъеинум хуэдэу псэууэ игъеирт. Бэзэрым дытету дыздэкIуэм: «НакIуэ гуэгушхэм я уасэр къэтщIэнщ», - жери, ахэр здащэмкIэ дунэтIащ. Зы фызыжь гуэрым дыбгъэдохьэ.

- Дапщэ, нанэ, мы уи гуэгушхэм жыпIэр?

- Азалыхь, тумэнитху жызоIэмэ, щIалэ, ауэ уэ уи анэ шыпхъур спектаклым зэрыщыбгъеяр сигу ирихьащи, тумэнищкIэ узот, - жиIащ.

- АтIэ, уэ улIэмэ, нэхъыфIыжу узгъеинщ, тIурэ тхукIэ къызэт, - жеIэ Къаздэхъум, къыфIэмыIуэхуу. Ар зэхэзыха псори дыхьэшхащ.

СулътIан и ехъулIэныгъэхэм ущытепсэлъыхьыжкIэ, абы и щхьэгъусэ Русланэ и гугъу умыщIу къэбгъанэ хъунукъым. ИкъукIэ щхьэгъусэфI иIащ абы. Русланэ цIыху губзыгъэт, зэпIэзэрытт, гъуазджэр къызыгурыIуэт. Уэрэд фIэфIу, езыми жиIэу щытащ. Нэхъыщхьэращи, и щхьэгъусэм и IэщIагъэр игу ирихьырт.

СулътIан и щIалэ Аслъэн гитарэ, ипхъу Ларисэ пианинэм еуэрт, тIуми уэрэдхэр жаIэу апхуэдэт. Аслъэн артист мыхъуами, Ларисэ артисткэщ, абы и щхьэгъусэ Быдэ Хьэсэни артист гъуэзэджэщ.

**ИУАН Владимир**,
*КъБР-мрэ Адыгэ Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист.*
*2004 гъэ*

## Зыми емыщхь

**Пасэу белджылы къэхъуат Къаздэхъу СулътIан гъуазджэм зэрыдихьэхыр: школ самодеятельностым хэтт, езыр къыщалъхуа Ислъэмей къуажэм икIыурэ Бахъсэн кIуэрти, ЩэнхабзэмкIэ унэм щагъэлъагъуэ спектаклхэм еплъырт. Налшык нэс щыкIуи щыIэт, театрым еплъын папщIэ. Тэмэму ящIащ Москва кIуэуэ актёру еджэну мурад зыщIа СулътIан нэхъыжьхэр зэрыпэрымыуар.**

МОСКВА Луначарскэм и цIэр зезыхьэ театр институтыр 1958 гъэм Къаздэхъу СулътIан щIыгъуу къаухауэ щытащ цIыху пщыкIублым. ЗэщIэгъэуIуауэ, гугъэшхуэ уагъэщIу къэкIуэжащ ахэр псори лъэпкъ театрым.

Нэхъыщхьэр - зэчийрщ, сценическэ Iэзагъырщ. Ауэ ари зыми щыщкъым, театрыр гукIи псэкIи фIыуэ умылъагъумэ, абы сытым дежи ухуэпэжу ущымытмэ.

СулътIан щIалэ лъагэкъым, и нэгур угъурлыфэщ, и макъыр щабэщ, езыр Iэдэбщ. Абы ищIащ цIыху ткIийм икIи пхъашэм, хьилэшым икIи бзаджэм, жэрдэмыншэм икIи псэ махэм - кIэщIу жыпIэмэ, я дуней тетыкIэкIи, я лэжьыгъэкIи, я псэукIэкIи зэмыщхь цIыху Iэджэм я теплъэхэр. Ауэ зыми жиIакъым СулътIан и лэжьэкIэм фэрыщIагъ хэлъу, ролым пэмылъэщауэ.

Шэч хэлъкъым - фIыщ актёрым адрейхэм къазэрыщхьэщыкI хъэтI, езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэ иIэжмэ. Къаздэхъур адрейхэм ещхь зымыщI и хъэтIщ дэтхэнэ зы ролми щIэ зэрыхилъхьэфыр. Ар хуэхейщ зыгуэрым зыпыщIыжыным. СулътIан щыджэгуащ спектакль куэдым - псори тIощIрэ пщIым щIегъу. Абыхэм я нэхъыбэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ.

Къаздэхъум актёр зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым щыхьэт тохъуэ классическэ пьесэхэми Островский А. Н. и «Гу пщтырым», Мольер и «Хуэмыхъуу Iэзэ ящIам», Флетчер и «Фыз къэгъэIурыщIэкIэм», нэгъуэщIхэми), совет драматургхэм я пьесэхэми (Злобиным и «Махуэ телъыджэм», Розовым и «Гъуэгу махуэм», Вишневскэм и «Псэ зэпылъхьэпIэ илъэсым», Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэтам»), адыгэ драматургхэм ятха пьесэхэм япкъ иткIэ ягъэува спектаклхэми ехъулIэныгъэкIэ ар зэрыщыджэгур.

Актёрым кууэ зыхещIэ дэтхэнэ пьесэри зытеухуа Iуэхугъуэр, абы къыхэкIыуи сыт хуэдэ ролми бгъэдыхьэкIэ тэмэм къыхуегъуэтыф. Псом хуэмыдэу ар наIуэ щыхъуащ «Фыз къэгъэIурыщIэкIэм». СулътIан зи роль игъэзэщIа капитан Перец щхьэщытхъум фадэр фIэфIщ, езыр мыщIыжьщ, гурбиянщ. Ауэ зи псэр къабзэ цIыхущ. ФитI-бзитIу, гущIэгъуншэу, гъэпцIакIуэу яхэткъым ар цIыхухэм. Абы и гур зэIухащ. Къаздэхъум пэжагъышхуэ хэлъу къигъэлъэгъуащ ар. А ролымкIэ СулътIан жиIэ хуэдэщ: «Ари цIыхущ, гъащIэ мыхъумыщIэм зэрызэIигъэхьар и дагъуэми».

Вишневский Всеволод и «Оптимистическая трагедия»-р совет пьесэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Къаздэхъум абы Одессит и ролыр щигъэзэщIащ. Пэжу, ар ролышхуэкъым. Ауэ ар ин хъунуми зэрыцIыкIуу къэнэжынуми, зэрыжаIэщи, зэлъытар езы артистырщ. СулътIан хузэфIэкIащ пычыгъуэ тIэкIур ин ищIын. Къаздэхъум и Одесситыр щхьэхуещэщ, и ныбжьэгъу дыдэхэри ищэфынущ езым и сэбэп зыхэлъым щхьэкIэ. Абы и мызакъуэу, ар купщIэншэщ, къэрабгъэщ, зи хущхьэ хъум и бзущ.

«ЩIыщIэ къэIэта» спектаклыр ди театрым и иужьрей илъэсхэм иIа лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Абы роль нэхъыщхьэхэм ящыщ зы щигъэзэщIащ Къаздэхъум - къуажэ Советым и унафэщI Разметнову джэгуащ. Шолоховым и романми абы къытращIыкIа спектаклми гулъытэшхуэ щыхуащI а образым. Ар куэдкIэ къащхьэщокI Давыдов гуащIэми Нагульнов мэхъашэми. Разметновыр къэлыбыгъуафIэкъым, ауэ и Iэдэбагъым щIихъумэркъым и тегушхуэныгъэр. Ар цIыху гуапэщ ныбжьэгъум щепсалъэм деж, гулъытэ яхуещI и къуажэгъу гуащIэрыпсэухэм. Апхуэдэущ Разметновыр дэ Къаздэхъум зэрыдигъэлъагъур. НэгъуэщI роль куэди СулътIан игъэзэщIащ и Iэзагъэм щыхьэт техъуэу.

АтIэ, сыт Къаздэхъум и ехъулIэныгъэхэм я щэхур? Дауи, ищхьэмкIэ щыжытIахэрщ нэхъыщхьэр. Ауэ СулътIан фIыуэ ещIэ актёрым и лэжьыгъэм цIыкIуфэкIу зэрыхэмылъыр, сценэм къихьа цIыхум и псэлъэкIэкIи, и джэгукIэкIи дагъуэ иIэн зэрыхуэмейр. Къаздэхъур ящыщкъым зи макъым щIэдэIужхэм. Сценэм щитым деж ар зэдаIуэр и гум и макъырщ. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр псалъэм и IукIэракъым, абы щIэлъ гупсысэрщ. Къаздэхъу СулътIан хущIокъу и джэгукIэкIи, и бэкъуэкIэкIи, и зыIыгъыкIэ псомкIи а гупсысэр сценэм къыщигъэлъэгъуэну.

**КЪАМБИЙ Зуфар**.
*1978 гъэ*

## Гъунэгъу телъыджэ

**ЕджапIэм сыкъикIыжу театрым къыщызгъэзэжам япэ дыдэу къысIущIауэ СулътIанщ. Театрым щIалэгъуалэ и мащIэу, ещанэ студиер Москва ягъэкIуа къудейуэ арати, лэжьыгъэм псынщIэу сыпэрыуващ.**

СПЕКТАКЛЬ екIуэкIхэм псынщIэ дыдэу сыхашэрт, щIэ ягъэувахэми ролыншэ сыщыхъуртэкъым. Мис а лъэхъэнэм гъуэгугъэлъагъуэ, чэнджэщэгъу, театрым и щэху мытхахэм нэIуасэ сахуэзыщIар СулътIант. Къалэм фэтэр зэрыщызимыIэм къыхэкIыу, къуажэм кIуэр-къэкIуэжу сылажьэрт.

Театр лэжьыгъэр зэрыгъэщIэгъуэныуэ хуэдэу, абы и ухуэкIэри мыдрейхэм ещхьтэкъым, пщэдджыжьым сыхьэтыр пщIым щIэбдзэрти сыхьэтитI хъуху репетицэт, абы иужькIэ пщыхьэщхьэ хъуху сыхьэтищ-плIыкIэ зыбгъэпсэхурти, пщыхьэщхьэм къуажэм яшэну спектаклым укърихьэлIэжын хуейт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а зэман мащIэм сэ къуажэм сыкIуэжыфыртэкъыми, а сыхьэт зыщыплIыр есхьэкIынымкIэ хуабжьу зыкъысщIигъэкъуащ Къаздэхъум. Езыхэри ехьэжьауэ мыпсэуми, зыщIэсыр «хрущевкэ» пэш цIыкIуитIми, зэи цIыхуншэ хъуртэкъым СулътIан и унагъуэр, апхуэдэ дыдэуи я Iэнэр ерыскъыншэтэкъым. Мызэ-мытIэу щызгъуэтащ абы щхьэегъэзыпIэ, гувауэ спектаклыр иухамэ, нэху сыкъыщригъэкIыуи щытащ. Репетицэ нэужьым дыкъанэрт театрми, си ролым зэгъусэу делэжьырт.

Лэжьыгъэм щыщIэбдза лъэхъэнэм зыкъыпщIэзыгъэкъуа цIыхур пщыгъупщэ хъун-тIэ? ИужькIэ зэман докIри, сэри лэжьыгъэм сыхэзэгъауэ актёрыным нэмыщI режиссёрынми сыщыхыхьэм, япэ дыдэу згъэувар Иоселиани Отар и пьесэм къытесщIыкIа спектаклырати, дауи, СулътIан хэзгъэхьащ. Шэт Николай и пьесэ «Сыт и уасэ лъагъуныгъэр» щызгъэувми, дызэдэлэжьащ икIи а спектаклым дыщызэдэджэгуащ.

Зэман докIри, фэтэр къызат, СулътIан и бынунагъуэр пэш зэв цIыкIуитIым къыщIешри, зы унэ дыщIохуэ, дыщIэхуэ къудей мыхъуу, зы къатым дытохуэ, дэ унагъуитIым фIэкIа темысу.

Мис абдежщ сэ къыщызгурыIуар гъунэгъуфI жыхуаIэр зыхуэдэр. Унэ дызыщIэхуар артистхэмрэ дохутырхэмрэ зэдагуэшу арати, щIэсхэри псынщIэу дызэрыцIыхури, «хьэблэ цIыкIу» зыфIэтщыжауэ дыпсэуащ. Гупэхэшэу, хьэблэ зэрыIыгъыу, дифIри ди Iейри зэрыщIэу дыпсэуным елIэлIар СулътIанрэ абы и щхьэгъусэ Русланэрэщ.

Хуабжьу зэдекIуу, зыр зым щIэгъэкъуэн хуэхъуу я гъащIэ мащIэр зэдахьащ а тIум, я псэхэр зэпэIэщIэу псэуфыну къыщIэкIынтэкъыми, зэрагъэхьышхуэ щымыIэу, зэкIэлъехыжащ дунейм. Хьэблэр апхуэдизу а тIум зэрагъэIыгъырти, зыгуэрым и къуэ къишэмэ е ипхъу иригъашэмэ, а Iуэхугъуэм елIалIэхэрт езыхэм яйм хуэдэу. ЕгъэлеяуэIэтауэ, телевиденэмкIэ трахыу дгъэлъэпIащ унэр къызэрыдатрэ илъэс 20 щрикъури, илъэс 25-рэ щыхъури. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм я зэхэублакIуэу щытари а тIурщ.

СИ ПСАЛЪЭМАКЪЫР гъунэгъум тезухуами, СулътIан и гуащIэми фIыуэ сыщыгъуазэу щытащ. ДжэгуакIуэшхуэм и зэфIэкIым, абы зэрызиужьым сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъыплъырт, си лэжьыгъэми ар къалэн къысщищIырти. Режиссёрхэм нэхъ къагъэсэбэпу щытар СулътIан хэлъ комедийнэ зэфIэкIырт, уеблэмэ образ дыхьэшхэну хъуар абы иратырт гугъу зрамыгъэхьын папщIэ. Актёр Iэзэм а ролыр къызэрехъулIэнур ящIэрти, театреплъхэм я гум зэрынэсын зэфIэкI зэриIэр къагъэсэбэпырт. Ауэ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэмрэ» «Эдипымрэ» СулътIан щигъэзэщIа образхэр тлъэгъуа иужькIэ, режиссёрхэми театреплъхэми къагурыIуащ абы и къэухьыр зэрыиныр, узыгъэгупсысэ психологие драмэми трагедиеми зэрыхуэIэижьыр.

СулътIан и зэфIэкIхэр къыщигъэсэбэпа хъуащ радиомрэ телевиденэмри. Абы къыбгъэдэкIа лэжьыгъэ куэд яIэщ «дыщэ фонд» жыхуаIэм хэхуауэ. Къаздэхъум кууэ иджат, ищIэрт ЩоджэнцIыкIу Алийрэ КIыщокъуэ Алимрэ я IэдакъэщIэкIхэр. И кIэм нэс гукIэ ищIэрт Алий и «Мадинэ» поэмэри, усакIуэшхуэм и тхыгъэхэм къытрищIыкIа композицэ игъэхьэзыращ «Зы актёрым и театр» жыхуаIэхэм хуэдэу, икIи мурад ищIат абы щыгъуазэ ищIыну республикэм курыт еджапIэу итыр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а мурад дахэр и кIэм хунэгъэсакъым, игъэлъэгъуэфар спектаклитхущ. «Мы узыр тIэкIу сщхьэщыкIмэ, уэри узигъусэу, республикэм и школ псори къызэхэткIухьынщ», - къызжиIэгъат абы. Хъарзынэ хъунт, абы и лэжьэгъуу щыта нэхъ щIалэхэм а Iуэхугъуэр и кIэм нагъэсамэ. Сэ сыщыгъуазэщ а мурадми, си гуапэу садэгуэшэнт апхуэдэ гупыж зыщIынухэм.

Куэд илэжьу щытащ икIи хузэфIэкIащ СулътIан хамэ къэрал щыIэ ди лъэпкъэгъухэм яхуэгъэзауэ. Мызэ-мытIэу ар щыIащ адыгэ щыпсэу къэралхэм, яхуэзащ икIи зыкъыщигъэлъэгъуащ Адыгэ Хасэ куэдым. Хэкум къагъэзэжынымкIэ зыбжанэм сэбэп яхуэхъуащ, ахэр иджы унагъуэ хъужауэ ди деж щопсэу. Къаздэхъум и унагъуэр, «етIуанэ хэкущ» жаIэу, абы и деж къемыблагъэу, щымыхьэщIэу и шыгъупIастэ яIумыхуэу адыгэ куэдым ягъэзэжакъым.

- СулътIан хуабжьу и нэ къикIыу щытащ илъэс 70 щрикъур игъэлъэпIэну, абы ирихьэлIэу игъэлъэгъуэну лэжьыгъэшхуэ зыбжани иубзыхуат. СощIэж, Къаздэхъум и илъэс хыщI юбилейр зэфIэдгъэкIауэ мыр къызжиIауэ щытауэ. «Юбилей куэдри фIыкъым, ауэ илъэсипщI къэс зэ уззэхуэс хъунущ, къэпкIуа гъуэгуанэм уриплъэжыну, пхузэфIэкIар къэппщытэжыну. Шыбг дыкъимыхуу илъэс блыщIым дынэсарэ, абы и лъагапIэм дытету «зы пшыхьыфI» тщIыжамэ, ара хъунт дэ тхузэфIэкIынур». И псэм ищIа хъунт - къехъулIакъым.

**ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Ислъам**,
*КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар*
**ТекIужь Заретэщ.**



ЗэныбжьэгъуитI, цIыхубэ артистхэу ТIыхъужь Алийрэ Къаздэхъу СулътIанрэ. *1990 гъэ.*

## Си адэр иужьрейуэ мэджэгу

**Дэтхэнэ зы цIыхуми иIэщ гум щигъафIэ гукъэкIыжхэр. Апхуэдэхэмкiэ сывдэгуэшэну сыхуейщ.**

ЖЫ ХЪУАУЭ зипхъу закъуэр зыфIэкIуэду зи закъуэу къэна лIыжьым и ролыр си адэм «Жин фIыцIэ» спектаклым зэрыщигъэзэщIам сыщеплъар си сабиигъуэрами, нобэр къыздэсым сщыгъупщэркъым. Гузэвэгъуэм иужьыгуа, гъащIэр зыфIэмыIэфIыж лIыжьым губгъуэхэр, мэзхэр, бгыхэр, къуажэхэр къызэхикIухьырт. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, зы къуажэ гуэрым щилъэгъуащ и пхъум ещхьу зы хъыджэбз. ЛIыжьым щIидзащ абы щэхуу кIэлъыплъын. ИужькIэ махуэ къэс губгъуэ удз гъэгъахэр хуихь хъуащ. Хъыджэбзым лIыжьым и гузэвэгъуэр зыхуэдэр къищIа нэужь, тхьэмадэм и щытыкIэр къыгурыIуащ икIи адэ гумащIэр пхъум зэрыхущытым хуэдэу къыхущытыну хуит ищIащ. Зэман дэкIа нэужь, хъыджэбзыр щIалэ къулейм щхьэгъусэ хуохъу, ауэ псэгъу хуэхъуам и унагъуэм ар «зрапэскъым», унагъуэ бей къызэрыхэмыкIам, и адэр фадэм зэрыдихьэхым, нысащIэр зэрысымаджэм къыхэкIыу. ЩIалэм и унагъуэр хуожьэ нысащIэр лъэныкъуэ ирагъэзыну. Гузэвэгъуэ къызэрыхъунур лIыжьым псэкIэ зыхещIэри, а унагъуэм макIуэ, ауэ хъыджэбзыр дунейм ехыжауэ ирохьэлIэ...

Пхъу хуэхъуа пщащэр щылIэм, лIыжьыми щIэпсэун щхьэусыгъуэ имыIэжу къызэрилъытэр и нэгум къищу, гум щIыхьэ гъыбзэ кърищу, хъыджэбзыр и IэплIэм илъу утыку къохьэ. А дакъикъэм пэшым щIэсхэр дымат... Сигу узат апхуэдэу дэIэпыкъуэгъуншэу, закъуэныгъэр къытехьэлъэу, зэфIэкIыншэу си адэр щыслъэгъуам. Нэхъ сфIэгуэныхь хъуар си адэрарэ зи ролыр игъэзащIэ лIыжьырарэ гурыIуэгъуэтэкъым...

КъыкIэлъыкIуэ гукъэкIыжыр зэпхар си адэр дунейм ехыжыным и пэ къихуэу сызрихьэлIа Iуэхугъуэрщ. ЛэжьапIэ нэужьым си адэ-анэр слъагъуну сыкIуат. А зэманым я узыншагъэм къимыхьу тIури пIэм хэлът. Си анэм пэшыр къызэхиплъыхьри, жиIащ: «Къаздэхъу, куэд щIауэ унэр зыхуей хуэдгъэзакъым, унэлъащIэхэр жьы хъуащ, зэтхъуэкIамэ фIыт. Зыгуэр къытщыщIрэ цIыхухэр къакIуэмэ, цIыху цIэрыIуэу щыта щхьэкIэ, фIыуи псэуакъым, унэлъащIэ лъапIи яIакъым, я пэшхэри зехьатэкъым къытхужаIэнщ». Абы и жэуапу си адэм жиIащ: «Умыгузавэ, Русланэ, мылъкукIэ мыхъуми, ныбжьэгъукIэ дыкъулейщ! Дунейм нэхъ лъапIэ дыдэу тетыр цIыхуращ! Нэхъыщхьэр цIыхум и гукъеуэр щхьэщыпхыфу, зыр зым удэIэпыкъуфу, узэкъуэту упсэунырщ».

А лъапIэныгъэхэр си адэ-анэр псэуху ядэтлъэгъуащ. Си адэр щIэпсэуари щIэлэжьари цIыхухэращ, сценэр абы и гъащIэм къыгуихыртэкъым.

Иужь дыдэу утыку зэрихьам сыкъытемыувыIэн слъэкIынукъым. Иужьрей мазэхэм ар сымаджэщым щIэлъащ. Си адэм и гукъыдэжыр къэзыIэтыф щымыIэу хэплъэрт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Балъкъыз Валерэ (а зэманым Къэбэрдей драмэ театрым и унафэщIу лажьэрт) сымаджэщым къакIуэри, хъыбар кърихъэщIащ IутIыж Борис и творческэ пшыхь зэрыщыIэнум, абы и «УгушыIэнумэ, къеблагъэ» пьесэм щыщ Iыхьэ си адэмрэ Мэшыкъуэ Фенярэ ягъэзэщIэну программэм зэрыхагъэхьам теухуауэ. Си адэр, дауи, абы арэзы техъуакъым. Балъкъыз Валерэ фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ си адэм гугъэ езыгъэщI псалъэхэр абы щыгъуэ къызэрыхуигъуэтыфам папщIэ. Валерэрэ сэрэ тщIэрт си адэр СЦЕНЭМ ЗЭРЫЩЫПСЭУР, утыку щиткIэ къаруущIэ къызэрыхэхъуэр. СЦЕНЭМ ЗЭРЫЩЫДЖЭГУНУМ узым ирипэщIэтыну къару къыхилъхьэну хуабжьу дыщыгугъырт. Си адэм театреплъхэм фIыуэ къызэралъагъур, къызэрыпэплъэр къыгурыIуэрти... арэзы хъуащ. И нэм хъуаскIэ къыщIих хъужащ, къару, гукъыдэж къылъыкъуэкIри, жиIэн хуейхэр игу къигъэкIыжу щIидзащ. Спектаклыр щыщыIэну махуэм машинэ къагъакIуэри театрым докIуэ. Си адэр зэрысымаджэр и лэжьэгъу артистхэм ящIэрти, джэгуфыну пIэрэ, жаIэу гузавэрт.

Си адэр сценэм щихьэнум пэплъэрт. Сэ зыхэсщIэрт театреплъхэр и джэгукIэмкIэ арэзы имыщIыфыным ар зэрытегузэвыхьыр. Мис сценэм итщ. Си адэр джэгурт иужьрейуэ утыку зэритыр гукIи псэкIи зыхищIэу. И къару, и гурыгъугурыщIэ псор и IэзагъкIэ къигъэлъагъуэу спектаклым еплъхэм ар яхуэупсащ. Абы къыпэкIуащ актёрым и дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэр - пшыхьым кърихьэлIахэм я Iэгуауэ кIыхьыр.

Сценэм икIыжа нэужь, программэр иухыху ар и лэжьэгъухэм я джэгукIэм кIэлъыплъащ. Зигъэпсэхуну жетIа щхьэкIэ, къытхуидакъым. И нэхэм нэщхъеигъуэ къыщIихырт, и лэжьэгъухэм, сценэм, театреплъхэм сэлам ярихыж хуэдэт...

Абы сыщыкIэлъыплъым сигу къэкIыжащ «Жин фIыцIэ» спектаклым къарууншэу, дэIэпыкъуэгъуншэу, и пхъур фIэкIуэдауэ, закъуэныгъэр къытехьэлъэу къыхэщ лIыжьыр. Иджы и пхъур абы бгъэдэтт зэгуэрым лIыжьым зыхищIар езым и щхьэкIэ игъэву.

**БЫДЭ Ларисэ**.
*Къаздэхъу СулътIан ипхъу.*






# Дунейр хуабэвэхми, загъэхуэмыхуакъым

● Кавказ ДжэгукIэхэр

**Физкультурникым и махуэм ирырагъэхьэлIэри щэбэт кIуам Нарткъалэ и стадион нэхъыщхьэм щекIуэкIащ «Кавказ ДжэгукIэхэр» республикэ фестивалым и кIэух Iыхьэр. Дунейр хуабэвэхми, къызэхуэсахэр яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплъащ, щIалэгъуалэ 500 зыхэта а Iуэхугъуэ гуапэм.**



КАВКАЗ ДжэгукIхэр къыщызэIуахым абы зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуэну щIалэгъуалэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Фырэ Руслан, спортымкIэ министр АфIэунэ Аслъэн, Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч сымэ.

Фырэ Руслан жиIащ спортсменхэм ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну зэригуапэр. АфIэунэм къыхигъэщащ зэхьэзэхуэхэр щекIуэкI стадионыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзауэ зэгъэпэщыжыным районым и унафэщIхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар. Судья нэхъыщхьэр Хъущт Аслъэнбэчт.

Программэм къызэщIиубыдащ спорт лIэужьыгъуэ 12-кIэ зэхьэзэхуэныр: бгырыпх бэнэкIэ, армспорт, футбол цIыкIу, шабзэкIэ уэн, нэгъуэщIхэри.

Дунейм градус и 30 хуабагъыу зи губгъуэр IэрыщIудзыпцIэ стадионым топыр щыбгъэIурыщIэныр, ар гъуэм дэбгъэкIыныр тынштэкъым. АрщхьэкIэ футбол цIыкIу зэхьэзэхуэр удэзыхьэхыу екIуэкIащ. Абы бжьыпэр щиубыдащ Прохладнэ къалэм и командэм.

Iэпщэрыбанэ зэпеуэм, я хьэлъагъ елъытауэ япэ увыпIэхэр къыщахьащ Къуэдзокъуэ Анзор (Бахъсэн район), Дзэлыкъуэ куейм щыщхэу Къэрэгъул Хьэутий, Узеев Ахъмэт сымэ. Къыхэдгъэщынщи, илъэс 18 зи ныбжь, Тимирязевым и цIэр зезыхьэ аграрнэ университетым и студент (япэ курс) Къарэгъул Хьэутий зэхьэзэхуэм хэтахэм я нэхъыщIэми, и хьэрхуэрэгъухэм Iэмал гуэри къахуигъэнакъым.

Метр 800-р захъуэжурэ къэжыным нэхъ псынщIэу къыщыщIэкIар налшыкдэсхэрщ. Хьэлъэ къэIэтыным щытекIуащ Тэрч щыщ Уэщро Аслъэн: а пелуаным пшахъуэу килограмм 50 зэрылъ къэпыр и щхьэм фIэкIыу 80-рэ дриIэтеящ. Бгырыпх бэнэкIэри гуащIэу екIуэкIащ, абы хэтахэр, я хьэлъагъ елъытауэ, гупищу гуэшахэт. Абыхэм ящыщу тIум щытекIуащ Шэрэдж куейм и спортсменхэр. КъыхэжаныкIащ Гъуэплъащ Iэ Аслъэнрэ Дэхъущокъуэ Хьэчимрэ, Шэджэм районым и спортсмен Мэзыхьэ Астемыр сымэ.

Хьэлъэ гъэIэпхъуэнымкIэ зэпеуэныр къызэрыгуэкIтэкъым. Спортсменхэм пшахъуэу килограмм 50 зэрылъ къэпищыр гу цIыкIум ирагъэзагъэу метри 100-кIэ жэн икIи абдежым къыщрахыжын хуейт. А къалэн мытыншым секунд 31,7-м къриубыдэу пэлъэща Дзэлыкъуэ куейм щыщ Щоджэн Ануар Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэри удэзыхьэхт. Пхъэшыкъум тету къызэдэжа щIалэхэм я деж щытекIуащ Шэрэдж районым и лIыкIуэ Бозий Елдар. Шабзэм нэхъ хуэIэзэу къалъытэр зи шабзэшэр нэхъ жыжьэ зыгъэлъатэрт. Налшыкдэс Къущхьэ Артур метр 84-м пэлъэщащ, абы метритIкIэ ефIэкIащ республикэм и щыхьэрым щыщ Кулюшинэ Наталье. Дэлъеин двоеборьемкIэ зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ Тэрч щыщ Хамэ Зуриятрэ лъагэу дэлъеинымкIэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо чемпионатым щытекIуа прохладнэдэс Акименкэ Михаилрэ.

ЩытыкIэ лIэужьыгъуищым иту мывэ дзын - къару троеборьемкIэ зэхьэзэхуэри дэрэжэгъуэ къыпхэзылъхьэт. Абы щытекIуащ метр 26-рэ сантиметр 93-кIэ мывэр зыдза Шыбзыхъуэ Анзор (Аруан район). КIапсэм дэпщеиным Бахъсэн куейм щыщ Кугъуэт Тимур къыпэлъэщын къахэкIакъым.

Зэхьэзэхуэхэм я гуIэфIтещIэжу спортсменхэр щызэпеуащ кIапсэкIэ зэпекъуным. Аруан районым и пелуанхэм, налшыкдэсхэм ефIэкIри, текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ.

Иджырей зэхьэзэхуэм щытекIуа спортсменхэр еджэныгъэзыгъэсэныгъэхэм хэтынущ икIи абы кърикIуахэм япкъ иткIэ ягъэбелджылынущ Шэшэн Республикэм и къалащхьэ Грознэ 2014 гъэм фокIадэм и 7-м щекIуэкIыну щIыналъэ фестивалым КъБР-м и лIыкIуэу хэтынухэр.

**УАРДЭ Жантинэ.**




*Сурэтхэр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

# Гулъытэ хуащI

**КъБР-м щыIэ МВД-м Ведомствэм щIэмыт и хъумакIуэ управленэм нэгъабэ и нэIэм щIигъэуващ Налшык къалэ дэт еджапIэ-интернат №3-м и гъэсэнхэр. Хабзэхъумэхэр абыхэм щахуеблагъэр махуэшхуэ хэхахэм я закъуэкъым. Полицейхэр я нэIэ зытетхэм нэхъыбэрэ зэрахуэзэным, зым нэхърэ адрейр нэхъ щIэщыгъуэ зэрыщащIыным яужь итщ.**



МЫ ГЪЭМАХУЭМИ УВО-м и лэжьакIуэхэм гулъытэ хуащIащ нэфхэмрэ зи нэхэм фIыуэ ямылъагъухэмрэ яхухэха интернатым щыпсэухэм. Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ куейм щиIэ и къудамэм и ОВО-м и полицейхэм гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу еджапIэ-интернатыр зэрызэрагъэпэщыжыну псэуалъапхъэхэр хуашащ иджыблагъэ. Абы текIуэда мылъкур ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ къудамэм и лэжьакIуэхэм зэхуахьэсащ.

Школ-интернатым и унафэщI Понэж Майе сабийхэм я нэIэ къатезыгъэт полицейхэм фIыщIэ яхуещI. Абы къыхигъэщащ псэуалъапхъэ къашахэр зэрыфIызащIэр.

Полицэм и лэжьакIуэхэмрэ интернатым и унафэщIхэмрэ зэгурыIуащ къыкIэлъыкIуэу ЩIэныгъэм и махуэм - фокIадэм и 1-м - зэхуэзэну. Абы и пэ къыхуэу IуэхущIапIэм и гъэсэнхэм я хьэщIэнущ Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и ОВО-м и полицейхэр. Абыхэм сабийхэм хуашэнущ школым къыщагъэсэбэпыну хьэпшыпхэр.

**КЪЭСЕЙ Динарэ.**

# Птымэ нэхъыфIщ, умыт нэхърэ

**Илъэс къэс республикэм щрагъэкIуэкI «Сабийр школым хуэгъэхьэзыр - алиментхэр ты» Iуэхум шыщхьэуIум и 6-м щIидзащ.**

СУД приставхэм я федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ алиментхэр егъэпшыныныр. Иджыпсту суд приставхэм я лэжьыгъэр алиментхэм теухуауэ къащта суд унафэхэр республикэм и щIыналъэ псоми щагъэзэщIэныным трагъащIэ, щIыхуэ зытелъ дэтхэнэ зыми IущIэну я мурадщ.

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм СМИ-м ядэлэжьынымкIэ и IэщIагъэлI-эксперт нэхъыщхьэ Алътуд ФатIимэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, «Сабийр школым хуэгъэхьэзыр - алиментхэр ты» Iуэхур 2014 гъэм фокIадэм и 1 пщIондэ екIуэкIынущ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Быцэ.**

# Мадинэ

● ЩIэджыкIакIуэм и усэ

Фелъыт и дахагъэм мы дуней,
Къызэригъэнэхум щIылъэр дыгъэм.
Си Мадинэщ фIыщIэу щыIэр зейр,
Схуигъэбзыгъэу щIыр и лъагъуныгъэм.

Жыг гъэгъарщ зэзгъэщхьыр
си Мадинэ,
Епэрымэ IэфI къыщIихыу и нэм.
Гъатхэр къэсу жыгхэр къыщыгъагъэм,
Хуигъэбатэу лъагъуныгъэм гугъэр.

Уи Iуплъэгъуэм лъыр
къызэщIигъаплъэу,
Щыгъуазэщ зэрыжылэу
си гухэлъым.
А гухэлъыр жэуапыншэу къасщIэм,
ЖыфIэт, икъукIэ гугъукъэ
дуней гъащIэр?!

БЖЭIУМЫХ Мурат.
*Шэджэм къалэ*


## Северо-Кавказский государственный институт искусств объявляет дополнительный прием на 2014/2015 учебный год на обучение и подготовку:

**БАКАЛАВРОВ** по направлениям (4 года обучения):
51.03.01 «**Культурология**»
53.03.02 «**Музыкально-инструментальное искусство**»
53.03.05 «**Дирижирование**»
51.03.05 «**Режиссура театрализованных представлений и праздников**»
51.03.03 «**Социально-культурная деятельность**»

**СПЕЦИАЛИСТОВ** по специальностям (5 лет обучения):
52.05.01 «**Актёрское искусство**»
55.05.04 «**Продюсерство**»

Прием документов, необходимых для поступления в СКГИИ, осуществляется **с 18 августа** по адресу:
**г. Нальчик, пр. Ленина 1, СКГИИ, приемная комиссия (88662) 40-40-73**

При подаче заявления о приеме поступающий предоставляет:
- оригинал документов, удостоверяющих его личность, гражданство;
- оригинал документа государственного образца об образовании;
- 6 фотографий 3х4.

**Вступительные экзамены проводятся с 25 по 31 августа.**

Институт проводит следующие дополнительные вступительные испытания творческой и профессиональной направленности:

По программам **БАКАЛАВРИАТА**:
51.03.01 «**Культурология**» (при отсутствии у поступающих результатов ЕГЭ)
1. **Русский язык** (письменно)
2. **История** (устно)
3. **Обществознание** (устно)

53.03.02 «**Музыкально-инструментальное искусство**»
1. **Специальность**
2. **Коллоквиум**
3. **Сольфеджио** (письменно и устно)
4. **Гармония** (письменно и устно)

53.03.05 «**Дирижирование**»
***Профиль «Дирижирование академическим хором»***
1. **Специальность**
2. **Коллоквиум**
3. **Сольфеджио** (письменно и устно)
4. **Гармония** (письменно и устно)

51.03.05 «**Режиссура театрализованных представлений и праздников**»
***Профиль «Театрализованные представления и праздники»***
1. **Специальность**
2. **Коллоквиум**

51.03.03 «**Социально-культурная деятельность**»
***Профиль «Менеджмент социально-культурной деятельности»***
1. **Специальность**
2. **Коллоквиум**

По программам подготовки **СПЕЦИАЛИСТА**:
52.05.01 «**Актёрское искусство**» **Специализация - Актёр драматического театра и кино**
1. **Специальность**
2. **Коллоквиум**

55.05.04 «**Продюсерство**»
***Специализация - Продюсер телевизионных и радиопрограмм***
1. **Специальность**
2. **Коллоквиум**

При приеме на первый курс по УГС «Культура и искусство» устанавливаются два вступительных испытания по общеобразовательным предметам: по **русскому языку** (письменно) и **литературе** (устно). Для поступающих на направление подготовки «Культурология» устанавливаются три вступительных испытания: **русский язык, история, обществознание.**

**Лица, поступающие по направлениям «Культура и искусство», имеющие среднее профессиональное образование (училище, техникум, колледж), экзамены по общеобразовательным предметам сдают в институте.**

**На период проведения вступительных испытаний иногородние поступающие и их родители обеспечиваются благоустроенным общежитием.**

**За справками обращаться по тел: 89287214493, 89287090409**


КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакIуэхэр КъБКъУ-м и проректор **Къумыкъу Iэуес Мухьэмэд и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Къумыкъу (Къарэнашэ) Барисхъан Хьэжмурат и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# ШащIэ Беслъэн хэт лъэщIыхьэн?

● Футбол

**Иужьрей илъэсищым Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и гъуащхьауэ нэхъыфIщ «Къэхъуным» щыджэгу ШащIэ Беслъэн. А лъэхъэным къриубыдэу абы топи 127-рэ (!) и хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIащ икIи зыхэт командэр пашэхэм яхигъэхъащ.**

2012 гъэм 55-рэ къыхэжаныкIри, ШащIэ Беслъэн республикэм и чемпионатхэм я рекорд игъэуващ. Нэгъабэ а бжыгъэм къызэрыкIэрыхуар топи 10 къудейщ. Мыгъэрейми «Къэхъуным» и гъуащхьауэ цIэрыIуэр къызэтезыгъэувыIэфыр зэкъуэтIакъуэщ икIи я хьэрхуэрэгъухэм я жагъуэ 37-рэ ищIыну хузэфIэкIащ. Абы щыгъуэми ирагъэкIуэкIа джэгугъуэ 18-м ику иту топ тIурытI щыдигъэкIащ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, ШащIэм и рекордыщIэм дыпэплъэ хъунущ.

Зэхьэзэхуэм и гугъу пщIымэ, иужьрей тхьэмахуэм очкоих зыIэригъэхьэри, бжыпэм нэхъри зыщигъэбыдащ «Автозапчасть»-м. ЯпэщIыкIэ бахъсэндэсхэм бэрэжьейм Тэрч къалэм хэгъэрейхэр бжыгъэшхуэкIэ щыхагъэщIащ. Махуищ дэкIри «Къэбэрдейм» ефIэкIащ.

Пашэм кIэлъеIэ «Кэнжэми» и очкоищыр зыIэригъэхьащ. Хуабжьу гугъу дехьами, ар Къэрэгъэш икIа «Велес»-м текIуащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым хэт командэхэм иужьу ирагъэкIуэкIа джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **0:5**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Iэдииху**» (Iэдииху) - **2:2**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Прохладнэ**» (Прохладнэ) - **3:3**, «**Автозапчасть**» - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **3:2**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **6:4**, «**Союз**» (Налшык) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **6:1**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **2:1**, «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - «**Анзорей**» (Анзорей) - **3:0** (хьэщIэхэр зэрымыкIуам къыхэкIыу).

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щиIыгъщ Нарткъалэ и «Нартым».

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **20** | **17** | **2** | **1** | **79-22** | **53** |
| **2. «Кэнжэ»** | **19** | **16** | **1** | **2** | **63-18** | **49** |
| **3. «Къэхъун»** | **18** | **12** | **1** | **5** | **78-32** | **37** |
| 4. «Союз» | 18 | 11 | 1 | 6 | 61-35 | 34 |
| 5. «Спартак-Д» | 17 | 10 | 3 | 4 | 54-31 | 33 |
| 6. «Велес» | 18 | 10 | 3 | 4 | 35-34 | 33 |
| 7. «Нарт» | 19 | 9 | 3 | 7 | 62-47 | 30 |
| 8. «Тэрч» | 17 | 9 | 2 | 6 | 41-39 | 29 |
| 9. «Бедик» | 20 | 8 | 2 | 10 | 55-60 | 26 |
| 10. «Къэбэрдей» | 19 | 8 | 0 | 11 | 39-46 | 24 |
| 11. «ЛогоВАЗ» | 19 | 7 | 1 | 11 | 39-50 | 22 |
| 12. «Бахъсэн» | 19 | 6 | 1 | 12 | 33-59 | 19 |
| 13. «Прохладнэ» | 19 | 5 | 3 | 11 | 36-67 | 18 |
| 14. «Шагъдий» | 19 | 5 | 3 | 11 | 30-44 | 18 |
| **15. «Анзорей»** | **19** | **4** | **1** | **14** | **38-74** | **13** |
| **16. «Шэджэм-2»** | **19** | **3** | **3** | **13** | **22-74** | **12** |
| **17. «Iэдииху»** | **19** | **3** | **3** | **13** | **20-72** | **12** |


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

**КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Къумахуэ Аслъэн, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ищIащ* Ныр Саидэ, *сурэтхэм елэжьар* Гъурыжь Мадинэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1582